

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Hakékatna, manusa téh mangrupa mahluk individu jeung mahluk sosial. Manusa disebut mahluk individu sabab antara hiji manusa jeung manusa séjén miboga ciri jeung karakteristik anu béda. Sedengkeun disebut mahluk sosial, sabab dina kahirupanana manusa moal bisa leupas ti manusa séjénna. Dina hirup kumbuhna, manusa perlu ngayakeun komunikasi pikeun interaksi jeung manusa séjénna. Pakakas anu dipaké pikeun komunikasi éta sorangan nya éta basa. Saluyu jeung pedaran Sudaryat (2004, kc. 6), basa téh nya éta lambang omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antar anggota pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Kasalahan makéna basa raket patalina jeung manusa nalika maké basa. Kasalahan makéna basa nya éta kasalahan anu dilantarankeun ku kabiasaan ngagunakeun basa anu méngpar tina kaédah-kaédah katatabasaan. Dulay dina Tarigan jeung Tarigan (2011, kc. 126) nandeskeun yén kasalahan basa mangrupa *konversi* atawa *komposisi* anu méngpar tina kaédah-kaédah anu geus ditangtukeun. Maluruh jeung diajar basa penting pisan, sangkan basa anu hirup di masarakat téh teu tumpur. Linguistik umum atawa élmuning basa nya éta élmu anu maluruh jeung medar perkara basa. Sacara singget, ambahan tata basa téh kawangun ku opat komponén, nya éta fonologi (ucapan), sintaksis jeung morfologi (tata basa; gramatika), semantik jeung leksikon (ma'na jeung kandaga kecap) sarta wacana (gaya). Éta komponén-komponén téh mekar jadi cabang élmu séwang-séwangan.

Morfologi mangrupa salah sahiji cabang élmu basa anu maluruh jeung medar perkara morfém. Morfém mangrupa wangun basa pangleutikna anu ngandung harti (Sudaryat, spk, 2011, kc. 50). Morfologi ogé bisa disebut cabang élmu basa anu ngulik perkara ngawangun kecap sarta parobahan-parobahanana. Prosés morfologis mangrupa prosés ngawangun kecap atawa tata wangun kecap.

Dina basa Sunda aya 3 prosés morfologis nya éta: (1) ngararangkénan, (2) ngantétkeun, (3) ngarajék.

Pangajaran basa Sunda ditangtayungan ku payung hukum anu ngajénggélék dina *Peraturan Daerah Provinsi Jawa Barat No. 5 Tahun 2003* ngeunaan ngamumulé basa, sastra jeung aksara daérah. Pangajaran basa sunda téh nyoko kana hakékat pangajaran basa jeung sastra sunda. Diajar basa nya éta diajar kumaha cara komunikasi. Aya opat kaparigelan basa anu kudu dicangking jeung dihontal ku peserta didik dina pangajaran basa, nya éta kaparigelan maca, kaparigelan nyarita, kaparigelan nulis, jeung kaparigelan ngaregepkeun (Tarigan, 2008, kc. 2). Unggal kaparigelan téh sifatna silih pangaruhan kana kaparigelan basa nu séjénna.

Salah sahiji kaparigelan anu diwanohkeun dina pangajaran basa nya éta kaparigelan nulis. Nulis jeung nyarita raket pisan patalina, sabab duanana sarua nya éta kagiatan komunikasi pikeun méré informasi sarta ngebrehkeun pikiran, rasaan jeung kahayang. Bédana ari nulis mah kagiatan komunikasi sacara teu langsung (tulisan). Ari nyarita mah nyangking informasi sacara langsung (lisan). Dina Standar Kompetensi SMP kelas IX Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) pangajaran basa sunda, salah sahijina aya kompetensi nulis. Aspek anu kudu dihontalna nya éta peserta didik mampu nulis surat, berita, téks biantara, hasil wawancara, jeung bahasan.

Pedaran di luhur saluyu jeung nu dijéntrékeun dina Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda anu di susun ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat (2012, kc. 98), yén standar kompetensi kelas IX dina kaparigelan nulis nya éta, “*Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk surat, berita, téks pidato, hasil wawancara, dan bahasan*”.

Katitén yén salah sahiji matéri pangajaranana nya éta nulis téks pidato (biantara). Biantara mangrupa salah sahiji kagiatan lisan anu dilakukeun di hareupeun balaréa anu miboga tujuan nu tangtu saluyu jeung kahayang panyatur. Biasana, dina biantara basa tinulis sok mangaruhan kana basa lisan. Sabab, mayoritas budak sakola mah biantara téh diapalkeun. Ku kituna, saméméh siswa prakték biantara, leuwih hadé siswa nulis heula téks biantara.

Kurang makéna basa tangtuna bakal mangaruhan kana ngawasa atawa henteuna siswa dina kaparigelan nulis hususna dina paélmuan morfologisna. Sedengkeun téks biantara mangrupa hiji tulisan anu disadiakeun atawa ditataharkeun pikeun biantara dihareupeun balaréa. Sangkan tujuan biantara anu geus ditangtukeun bisa kahontal, siswa diperedih kudu bisa ngagunakeun basa anu hadé kalawan puguh éntép seureuhna. Kasalahan morfologis kungsi ditalungtik ku Indah Kartika D (2009) nu judulna “*Kasalahan Morfologis dina Karangan Deskripsi Siswa SMP Percontohan Lab School UPP*”. Tuluy ku Restylawati Mustika taun 2011 anu judulna “*Kasalahan Morfologis dina Karangan Éséy Siswa Kelas XII SMA KARTIKA SILIWANGI 2 BANDUNG Taun Ajaran 2010/2011.*” Sarta ditalungtik ku Dini Novianti Sutrisna taun 2013 “*Kasalahan Morfologis dina Surat Pribadi Siswa kelas IX SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2012/2013*”.

Dumasar kana pedaran di luhur, kasalahan morfologis dina téks biantara can aya nu nalungtik. Ku kituna panalungtikan ngeunaan kasalahan morfologis dina téks biantara perlu diayakeun pikeun pangdeudeul pangajaran basa Sunda umumna pikeun kapentingan pendidikan hususna pikeun pangaweruh morfologisna. Panyusun bakal nyieun panalungtikan anu dijudulan “*Kasalahan Morfologis dina Téks Biantara Siswa Kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung Tahun Ajaran 2014/2015*”.

1.2 Rumusan Masalah

Kasalahan dina makéna basa téh bisa aya dina rupa-rupa tataran saperti tataran fonologi/grafologi, tataran gramatikal (morfologi jeung sintaksis), sarta kasalahan dina tataran leksikosemantis.

Éta tataran kasalahan basa téh bisa kapanggih dina rupa-rupa ragam wacana, boh wacana lisan, boh wacana tulis. Salah sahiji wacana tulis téh ngwujud dina wangun téks biantara saperti nu disusun ku para siswa di sakola.

Ku lantaran kasalahan basa dina wacana téh kaitung lega, tangtuna perlu diwatesanan. Watesan nu kahiji, kasalahan basa nu bakal dianalisis téh nya éta kasalahan morfologis. Watesan nu kadua, ragam basa nu dianalisis nya éta ragam basa tulis dina wujud téks biantara. Watesan nu katilu, sumber data kasalahan dina

téks biantara nya éta siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung. Satuluyna, kasalahan morfologis nu baris ditalungtik nyoko kana, (1) kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rundayan, (2) kasalahan ngalarapkeun wangun kecap kantétan, (3) kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rajékan.

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rundayan dina téks biantara siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung?
- 2) Kumaha kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rajékan dina téks biantara siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung?
- 3) Kumaha kasalahan ngalarapkeun wangun kecap kantétan dina téks biantara siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, nu jadi tujuan dina ieu panalungtikan téh ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun mikaweruh jeung ngadéskripsikeun kasalahan morfologis dina téks biantara siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung. Ari sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun unsur-unsur kasalahan morfologis dina téks biantara siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung nu ngawengku:

- 1) kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rundayan dina téks biantara siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung;
- 2) kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rajékan dina téks biantara siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung; sarta
- 3) kasalahan ngalarapkeun wangun kecap kantétan dina téks biantara siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat, anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang morfologis, ngeunaan rupa-rupa prosés dina ngawangun kecap.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun guru, nya éta dijadikeun bahan acuan dina pangajaran, hususna dina pangajaran nulis téks biantara.
- 2) Pikeun peserta didik, nya éta méré pangaweruh ngeunaan proses dina ngawangun hiji kecap, boh ngaliwatan prosés ngararangkénan, ngantétkeun, jeung ngarajék.
- 3) Pikeun panalungtik, panalungtikan ieu bisa méré pangaweruh sarta pangalaman anu kacida gedéna hususna dina nganalisis kasalahan morfologis.

1.5 Sistematika Panulisan

Di handap ieu diébréhkeun hasil tina ieu panalungtikan anu disusun dina lima bab.

Bab I mangrupa bubuka, anu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika panulisan.

Bab II mangrupa kajian pustaka atawa landasan tiori kana masalah anu keur ditalungtik. Eusina nya éta medar ngeunaan tiori-tiori kasalahan basa, morfologi jeung téks biantara. Tuluy dipedar ogé ngeunaan panalungtikan saméméhna ngeunaan kasalahan morfologis. Sarta, kalungguhan tiori panalungtikan nu dipaké ku panyusun dina ieu panalungtikan.

Bab III mangrupa métode panalungtikan, anu ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV mangrupa temuan jeung pedaran anu eusina medar ngeunaan kasalahan morfologis nu kapanggih dina téks biantara nu ditulis siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015. Kasalahan morfologis anu ditalungtikna ngawengku kasalahan dina ngalarapkeun wangun kecap rundayan, kecap kantétan, jeung kecap rajékan.

Bab V mangrupa kacindekan, jeung rékomendasi. Eusina medar kacindekan tina hasil panalungtikan sarta rékoméndasi sangkan bisa méré mangpaat pikeun ka hareupna.